



Depatman Jistis Ameriken
Divizyon Dwa Sivil
Seksyon Dwa Pou Imigran Ak Anplwaye

Travayè ki gen Eitati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS); Pwoteje Dwa Ou Genyen pou w Travay

Eitati Pwoteksyon Tanporè ([Temporary Protected Status](#), TPS) bay travayè yo dwa tanporè pou yo rete nan Etazini. Si ou gen TPS, ou kalifye pou yon pèmi travay, ki rele tou Dokiman Otorizasyon Travay (Employment Authorization Document, EAD). Moun ki gen Depa Fòse Ranvwaye (Deferred Enforced Departure, DED) gen dwa travay tou. Pifò nan enfòmasyon ki pi ba a valab pou travayè ni DED ni TPS.

EAD w lan gen dwa rete valid apre dat ekspirasyon li.

Lè ou fin mande epi resevwa EAD TPS ou a, gouvènman an gen dwa pwolonje TPS pou peyi w lan. Sa vle di ou gen opsyon rete nan Etazini pandan pi lontan. Si gouvènman an pwolonje TPS pou peyi w lan, l ap pibliye enfòmasyon sou pwolongasyon an nan Federal Register a (Rejis Federal la). Sa ap gen ladan enstriksyon sou kijan pou re-enskri pou TPS epi pou mande yon nouvo EAD pou kontinye travay.

EAD TPS ou a gen dwa jwenn pwolongasyon rive jiska apre dat ekspirasyon ki sou EAD an. Pafwa, gouvènman an otomatikman pwolonje EAD TPS yo nan Federal Register a lè li anonse yon pwolongasyon TPS. Anons Federal Register a ap di ou si EAD w lan otomatikman gen yon nouvo dat ekspirasyon pou w sa kontinye travay pandan w ap mande epi tann nouvo EAD w lan. Si anons Federal Register a otomatikman pwolonje EAD w lan, ou pa gen pou montre okenn lòt dokiman pou kontinye travay. Ale sou www.uscis.gov/tps pou enfòmasyon sou TPS pou peyi w lan ak anons Federal Register a.

Si gouvènman an pa otomatikman pwolonje EAD w lan nan anons Federal Register a men ou te fè demann pou renouvle EAD TPS ou an, ou gen dwa kapab kontinye travay apre dat ekspirasyon ki sou EAD w lan, pandan w ap tann nouvo EAD w lan. Pandan jiska 540 jou apre dat ekspirasyon EAD w lan, ou kapab prezante, kòm prèv ou gen otorizasyon travay, EAD TPS (men pa DED) ou an avèk resepsè I-797C an ki montre gouvènman an resevwa demann renouvèlman EAD w lan.

Gen EAD TPS ki gen dwa kalifye pou lòt kalite pwolongasyon. Pou lòt enfòmasyon sou pwolongasyon otomatik EAD, li [enfòmasyon](#) sa yo nan [Handbook for Employers M-274](#) (Gid pou Anplwayè M-274). Ou ka rele Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye an ([Immigrant and Employee Rights Section](#), IER) tou pou jwenn plis enfòmasyon.

EAD w lan valid pou jiska finisman peryòd pwolongasyon EAD an.

Si yo pwolonje EAD w lan nan yon anons Federal Register a, EAD w lan ap valid jiska finisman peryòd pwolongasyon EAD yo anonse nan Federal Register a. Si yo pwolonje EAD w lan baze sou demann renouvèlman EAD w lan, ou kapab travay avèk EAD w lan ansanm ak resepsè I-797C an pandan jiska 540 jou apre dat ekspirasyon ki make sou EAD an. Si patwon w lan pa aksepte dokimantasyon w lan oswa si li mande lòt dokiman, rele IER e nou gen dwa kapab ede ou. Dapre sa ki pase a, yon patwon ki mande lòt dokimantasyon lè sa pa obligatwa gen dwa vyole lalwa IER fè respektè a nan 8 U.S.C. § 1324b(a)(6).

Anvan finisman peryòd pwolongasyon EAD an, ou dwe montre patwon ou ke ou gen otorizasyon kontinye travay.

Lè peryòd pwolongasyon EAD an fini, EAD sa a pa valid ankò. Lè sa a, patwon w lan ap bezwen wè yon dokiman pou Form I-9 lan ki montre ou toujou gen otorizasyon travay. Anvan finisman peryòd pwolongasyon sa a, ou ta dwe gen nouvo EAD w lan. Ou te mèt montre patwon w lan dokiman sa a oswa chwazi yon (1) [List A](#) document oswa yon (1) [List C](#) document nan Form I-9 Lists of Acceptable Documents (Lis Dokiman Akseptab Fòmèlè I-9 nan).

Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye an (Immigrant and Employee Rights Section, IER)

Liy èd pou travayè yo: 1-800-255-7688

www.justice.gov/ier | www.justice.gov/crt-espanol/ier

Koutfil yo ka anonim, e gen sèvis lang gratis ki disponib.

TTY 1-800-237-2515

Sèvis Sitwayènte Ameriken ak Imigrasyon (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS)

1-800-375-5283

www.uscis.gov/tps

TTY 1-800-767-1833